



**PEMERINTAH KABUPATEN JOMBANG
DINAS PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
KKG KECAMATAN GUDO**

**PENILAIAN SUMATIF AKHIR JENJANG
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

MATA PELAJARAN	
Mata Pelajaran	: BAHASA JAWA

WAKTU PELAKSANAAN	
Hari/Tanggal	: Rabu/ 29 Mei 2024
Pukul	: 09.30 – 11.30 WIB

PETUNJUK UMUM	
1.	Berdo'alah dahulu sebelum mengerjakan soal.
2.	Isikan identitas Anda ke dalam Lembar Jawaban Ujian Sekolah (LJUS) yang tersedia.
3.	Periksa dan bacalah dengan teliti soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
4.	Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap.
5.	Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan naskah soal tersebut.
6.	Jumlah soal sebanyak 40 butir, terdiri dari Pilihan Ganda, Isian Singkat, Menjodohkan, Benar/Salah, dan Uraian.
7.	Mintalah kertas buram kepada pengawas ujian, bila diperlukan.
8.	Tidak diizinkan menggunakan kalkulator, HP, tabel matematika atau alat bantu hitung lainnya.
9.	Lembar jawaban tidak boleh kotor atau berlubang.
10.	Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.
11.	Akhiri dengan membaca do'a setelah mengerjakan soal.

I. Pilihlah wangsulan sing paling bener!

1. Bocah-bocah saben dina mesthi oleh informasi saka ngendi bae. Informasi bisa saka TV, radhio, ariwarti, kalawarti, utawa saka symbere langsung. Kalawarti yaiku ...
 - A. radhio
 - B. TV
 - C. koran
 - D. surat
2. Kang kalebu teks informasi yaiku
 - A. youtube
 - B. sesanti/slogan
 - C. radhio
 - D. TV
3. Ukara ing ngisor iki kang mujudake ukara basa jawa krama alus yaiku
 - A. Bapak kaliyan ibu maos koran, kula maca buku.
 - B. Bapak kaliyan ibu maca koran, kula maca buku.
 - C. Bapak kalih ibu maos koran, kula maca buku.
 - D. Bapak kalih ibu maca koran, kula maca buku.
4. Fabel iku nyritakake
 - A. kewan-kewan sing iso ngomong
 - B. asal mula panggonan
 - C. cerita pahlawan
 - D. cerita peri lan dew-dewi
5. Wacanen teks ing ngisor kanthi premati!

Bhineka Tunggal Ika tegese maneka warna nanging nyawiji ing tekad lan karep. Maneka warna suku bangsa, agama, basa, lan budaya. Bhineka Tunggal Ika semboyan sing nyawijekake bangsa Indonesia. Yen nganti ana wong Indonesia isih ngundamana perkara SARA marang wong padha Indonesiane, ora pantes ngaku wong Indonesia apa maneh urip ing bumi Indonesia. Yen ora Bhineka Tunggal Ika dudu Indonesia.

Ukara inti paragraf ing dhuwur kang bener yaiku

 - A. Maneka warna suku bangsa, agama, basa, lan budaya.
 - B. Wong Indonesia isih ngundamana perkara SARA.
 - C. Ora pantes ngaku wong Indonesia apa maneh urip ing bumi Indonesia.
 - D. Bhineka Tunggal Ika tegese maneka warna nanging nyawiji ing tekad lan karep.
6. Teks kang ngandarake fakta, kamomot ing media cetak lan elektronik, isine kedadeyan utawa prastawa kang lagi dadi omongan, diarani teks
 - A. persuasi
 - B. slogan
 - C. pawarta
 - D. pariwara
7. Tembang kang isine rupo wejangan/ nasehat kanggo bocah cilik/wong enom diarani
 - A. Sinom
 - B. Pangkur
 - C. Dhandanggula
 - D. Kinanthi
8. Paugeran (aturan/pedoman) ing tembang macapat ana 3, yaiku kang kasebut ing ngisor iki, kajaba ...
 - A. guru gatra
 - B. guru wilangan
 - C. guru lagu
 - D. guru sastra

9. Guru gatra yaiku cacahé larik saben sapada.
Cacahé guru gatra ing tembang Dhandanggula yaiku
A. 7
B. 6
C. 8
D. 10
10. Unen-unen kang ajeg panganggone lan ngemu teges wantah diarani
A. bebasan
B. saloka
C. paribasan
D. ukara jawa
11. Sing kalebu saloka yaiku ...
A. Pak demang klambi abang
B. Mrica sak kantong
C. Ana catur mungkur
D. Bathok bolu isi madu
12. Burnas kopen kalebu
A. cangkriman awujud pepindhan
B. cangkriman awujud blenderan
C. cangkriman sinawung ing tembang
D. cangkriman awujud wancahan
13. Cangkriman ing ngisor iki kalebu cangkriman irib-iriban yaiku ...
A. ana gajah numpak becak
B. ana bakul tempe ditaleni
C. rangsiyu, muksitu
D. sego sakepel dirubung tinggi.
14. Pidhato uga diarani
A. sesorah
B. geguritan
C. waosan
D. apalan
15. Sing kudu disiapake sakdurunge pidhato yaiku
A. buku
B. petelot
C. naskah pidhato
D. bangku
16. Sing klebu cangkriman plesetan yaiku
A. Gajah nguntal sangkrah
B. Ana gajah numpak becak
C. Segara beldes
D. Segi sakepel dirubung tinggi
17. Wacanen cuplikan teks pidato ing ngisor iki!
Mangga kita sedaya sami ngaturaken puji syukur wonten ngarsa dalem Allah SWT ingkang sampun nglimpahaken kanikmatan saingga kita sedaya saged ngempal wonten mriki kanthi lancar lan mboten wonten alangan satunggal menapa.
Perangane pidato ing dhuwur diarani
A. wasana (panutup)
B. surasa
C. purwaka (pambuka)
D. wigatine

18. Cermati ukara-ukara ing pidato ngisor iki!

- 1) Assalamualaikum Wr.Wb. Ingkang kinurmatan Bapak/ Ibu Pengurus Komite Sekolah Bapak Ibu sekaliyan saha Bapak Ibu Guru ingkang tansah minulya
- 2) Mekaten ugi, kula ngaturaken maturnuwun bilih panjenengan sami saged ngrawuhi adicara ingkang badhe ngrembag bab pembangunan musholla.
- 3) Mekaten atur kula, menawi wonten lepatipun atur saha subasita, Kula nyuwun pangapunten.
- 4) Sumangga kula dherekaken muji syukur ing ngarsanipun Gusti Allah Ingkang sampun maringi kesehatan lan kanikmatan gesang.

Supaya dadi pidhato kang runtut, ukara ing dhuwur diurutake dadi

- A. 2-3-4-1
- B. 1-4-2-3
- C. 1-3-2-4
- D. 4-3-2-1

19. Ukara ngisor iki sing nggunakake ngoko alus yaiku

- A. Aku mengko sida ngampil buku panjenengan, mas!
- B. Mbak kowe arep lunga menyang ngendi?
- C. Dhik, kowe sida lunga apa ora?
- D. Aku ora sida tindak nggone simbah.

20. Anton : "Don, sesuk apa sida uangan basa Jawa?"

Doni : "Sida Ton, apa kowe ora ngerti?"

Anton : "Ora, jalaran aku ora mlebu sekolah amarga lara"

Doni : "Yen ngono mengko sore ndhewe sinau bareng wae ya Ton, ning omahku."

Pacelathon ing ndhuwur migunakake ragam basa ...

- A. ngoko lugu
- B. krama lugu
- C. krama alus
- D. krama inggil

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki nganggo wangsulan kang bener!

21. Bima : "Nuwun sewu Pak, kula badhe nyuwun ..."

Pak Jojon : "Arep takon apa Bim?"

Tembung kang bener kanggo ngganepi ukara ing dhuwur yaiku

22. Wacanen cerita ing ngisor iki!

Bima lunga menyang Surabaya. Wis suwe Bima pengen menyang Surabaya. Ibune janji yen bijine apik arep dijak menyang Surabaya. Unggah-unggahan kelas 6 iki Bima juwara loro ing kelase.

Paragraph kang idhe pokoke manggon ing ukara lekasan (wiwitan) diarani paragraph

23. Mendhung peteng ing praupane Sodin banjur owah dadi udan brebel-brebel, mbrebes mili.

Tembung owah dadi udan tegese

24. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!

Ngopeni Banyu Sumber Panguripan

Banyu mujudake sumber panguripan. Makhluk sing urip ora bisa urip tanpa banyu. Banyu sing dibutuhake banyu sing resik. Banyu kang bebas polusi. Nanging saiki banyu lan kali wis akeh sing asat amarga wit-witan sing nandon banyu wis entek ditegori. Banyu kali ya wis kena polusi amarga kanggo buwangan uwuh lan limbah omahan uga limbah pabrik.

Banyu kali kang kebak uwuh lan limbah mili menyang segara, mulane segara dadi reged. Supaya ora kekurangan banyu resik, ayo padha ngopeni sumber banyu kanthi nandur wit-witan ana ing sakiwa tengene sumber! Aja mbuwang uwuh lan limbah menyang kali! Mula saiki ayo bebarengan gumregah, ngopeni banyu minangka sumber panguripan.

Teks wacan ing dhuwur kalebu jenis wacan

25. Wacanen tembang macapat ing ngisor iki!

Mingkar mingkuring angkara
Akarana karenan mardi siwi
Sinawung resmining kidung
Sinuba sinukarta
Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung
Kang tumtrap ing tanah jawa
Agama ageming aji
Tembang ing dhuwur diarani tembang

26. "Yen wong tuwo kang rekasa amarga kakean anak podo karo kebo kabotan ..."

Tembung kang cocok kanggo njangkepi ukara ing ndhuwur yaiku

27. Wacanen tembang ing ngisor iki!

Bapak pucung, dudu watu dudu gunung
Sangkane ing sabrang
Ngon angone sang Bupati
Yen lumampah si pucung lambeyan grana
Cangkriman ing dhuwur batangane

28. Miturut swasanane, pidhato utawa sesorah kaperang dadi pidhato resmi lan

29. Wacanen cuplikan teks pidato ing ngisor iki!

Kula kinten cekap semanten atur panguneg- uneg kula, mugio punapa ingkang sampun kula aturaken andhadhosaken suka reraning penggalih. Saklajengipun mbok menawi wonten tutur pangucap ingkang kirang mranani saestu kula nyuwun agunging pangaksami. Nuwun.
Perangane pidato ing dhuwur diarani

30. Wacanen teks crito ing ngisor iki kanthi prameti!

Globalisasi

Saiki jamane wis maju. Samubarang gawe wis nggunakake piranti sing sarwa modern. Kabeh ngarani iki jaman globalisasi. Yen jaman biyen, kenthongan digunakake kanggo tandha anane bebaya. Umpamane titir terus-terusan tandhane ana banjir gedhe. Mula para warga kudu enggal metu saka omah lan ngungsi golek papan sing aman.

Miturut teks crito ing dhuwur, Samubarang gawe wis nggunakake piranti sing sarwa modern. Piranti tegese

Pilih jawaban kang paling mathuk kanggo ngisi cecek-cecek ing dhuwur!

persuasi	Pidato resmi	deduktif	awak
induktif	pirsa	nangis	Pidhato ora resmi
Sungu	Akeh banyu rutuh	Wasana (penutup)	sesorah
Alat	Pangkur	arta	Gajah

III. **Pilih B yen pranyatan ing ngisor iki bener, pilih S yen pranyatan iki salah!**

No	Pranyatan	B-S	
31	Ing ngisor iki tembung-tembung kerata basa; Kerata basa yaiku negesi tembung saka wandane		
	1. Guru, kena digugu lan ditiru	B	S
	2. Tandur, embat-embate tutur	B	S
	3. Saru, kasar lan keliru	B	S
	4. Tumpeng, ruwet tur peteng	B	S

No	Pranyatan	B-S	
32	Watak tembang tembang macapat		
	1. Kinanthi : seneng, asih, kasmaran mituturi, pratelan tresna, mulang	B	S
	2. Asmaradana : asih, prihatin, pangajab mulang tiyang ingkang nembe prihatin	B	S
	3. Pangkur : sereng, nepsu, gandrung pitutur radi srengen, gandrung	B	S
	4. Pocung : sembrana, parikena, lucu cangkriman, crita lucu, guyon	B	S

No	Pranyatan	B-S	
33	Jenis - jenise cangkriman		
	1. Pitik walik saba kebon (cangkriman tembang)	B	S
	2. Ana manuk endhase telu (cangkriman wacahan)	B	S
	3. Wong dodol klapa dithuthuki (cangkriman blenderan)	B	S
	4. Emboke dielus-elus, anake diidak-idak (cangkriman pepindhan)	B	S

IV. Pasangna pasangane antarane kolom kiwa karo kolom tengen kang gumathuk!

34. Pasangna titikane teks informasi ing ngisor iki karo jenise teks informasi kang gumathuk!

	Titikane teks informasi	Jenis teks informasi
(i)	Isine ngajak lan ngelingake. (...)	A. Teks pawarta
(ii)	Isine ngajak utawa narik kawigatene, lan ngyakini sing maca. (...)	B. Slogan/sesanti
(iii)	Isine sing lagi dadi bahan omongan masyarakat. (...)	C. Teks persuasi
(iv)	Isine kanggo mamerake lan ngajak supaya dideleng, dituku, lan digunakake. (...)	D. Pariwara/iklan

35. Cocokake unen-unen bebasan ing kolom tengen karo tegese ing sisih kiwo kanthi mathuk!

(i)	Ungak-ungak pager arang (...)	A. Nindakake pagawean kanthi ora duwe kamelikan apa-apa.
(ii)	Cincing-cincing meksa klebus (...)	B. Duwe melik (pengin marang) bandhane liyan.
(iii)	Sadawa-dawane lurung isih dawa gurung. (...)	C. Sing ngati-ati bakal slamet, sing sembrana cilaka.
(iv)	Sepi ing pamrih rame ing gawe (...)	D. Karepe ngirit, nanging malah entek akeh.
		E. Kabar iku mesthi sumebar adoh, lan adoh karo kanyatane.

V. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi wangsulan sing bener!

36. Gatekno pancelathon ngisor iki!

- Idris : "Wayah kenthang-kenthang kaya ngene kok serius, lagi ngapa ta, Ar?"
Arya : "Iki lho Dris, nggambar."
Idris : "Wo, tugas SBdP kuwi?"
Arya : "Iya, kebeneran aku lagi nggambar pemandangan."
Idris : "Lho, gambar wit-witane kok godhonge abang, kepriye kuwi, Ar?"
Arya : "Lho apa ora entuk yen godong warna abang?"
Idris : "Entuke ya entuk, mung lumrahe godhong iku ijo, apa maneh kembang werna kuning, mengko rak katon endah."
Arya : "Karepku supaya beda karo kancane. Ning yen dakrasa bener kandhamu, Dris. Nuwun ya panyaruwene."
Idris : "Iya, padha-padha, Ar."
Apa amanat utawa pesen kang bisa kapethik saka pancelathon ing dhuwur!

37. Tulisen nganggo aksara jawa ukara ing ngisor iki!

Milih sekolah.

38. Wacanen kanthi teliti naskah pidhato ing ngisor iki!

1. Amargi kanthi wira usaha saget ningkataken ekonomi keluarga
2. Bapak Ibu Guru, Bapak Kepala Sekolah, lan para siswa
3. Mugi-mugi para siswa mangke sageda gadhah krenteg kangge nindaaken usaha
4. Ing kalodhangan menika kula namung saged paring panjurung,

Urutno naskah pidhato ing ndhuwur kanthi bener!

39. Titikane tembang macapat iku manggon ana ing guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Apa sing dimaksud karo guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu? Jelasna!
40. Apa bedhane sesorah resmi karo ora resmi? Jlentrehna jawabanmu!

Pilih jawaban kang paling mathuk kanggo ngisi cecek-cecek ing dhuwur!

2-4-3-1

ꦱꦸꦫꦸꦒꦂꦠꦫꦒꦸꦮꦶꦭꦶꦁꦭꦒꦸ

Ora kabeh kritik kuwi ala, bisa-bisa malah ndadekake luwih becik

Kabeh kritik kuwi marai salah paham

Guru gatra: cacahé larik saben sapada.
Guru wilangan : cacahé wanda saben sagatra.
Guru lagu: tebane swara ing pungkasaning gatra

4-3-2-1

Guru gatra: cacahé wanda saben sagatra.
Guru wilangan : cacahé larik saben sapada.
Guru lagu: tebane swara ing pungkasaning gatra

Sesorah resmi :

1. Digunakake ing kahanan Resmi,
2. Ukarane ukara jangkep
3. migunani tembung baku,
4. tuladhane: pidhato kenegaraan.

Sesorah ora resmi :

1. Digunakake ing kahanan ora resmi
2. ukarane ora jangkep,
3. tembung e ora baku,
4. tuladhane pidhato manten.

ꦱꦸꦫꦸꦒꦂꦠꦫꦒꦸꦮꦶꦭꦶꦁꦭꦒꦸ